И.ЮСУПОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ ПОЭТИКАЛЫҚ ТИЛИ

Г.Өтепбергенова - *ассистент оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: бадиий тил, поэтик тил, поэтик образ, троп, метафора, эпитет.
Ключевые слова: художественный язык, поэтический язык, поэтический образ, троп, метафора, эпитет.
Key words: artistic language, poetic language, poetic image, trope, metaphor, epithet.

Жас әўладтың руўхый дүньясын байытыўда көркем әдебияттың әҳмийети оғада уллы. Халқымыздың руўхый ғәзийнесине айрықша үлес қосқан шайыр И.Юсуповтың бай әдебий мийраслары бүгинги заманласларымыздың руўхый дүньясын жетилистириўде, көркем-эстетикалық талғамын оятыўда айрықша әҳмийетке ийе. Себеби, Шығыс ҳәм Батыс поэзиясының ең жақсы дәстүрлерин өзинде синтезлеген шайыр поэзиясы инсанның руўхый–интеллектуал дәрежесин жетилистириўши улыўма инсаныйлық қәдириятлар қатарынан орын алады**.** Шайыр дөретиўшилиги белгили дәрежеде үйренилди, бул бойынша арнаўлы илимий жумыслар исленди.

Шайыр шығармаларының поэтикалық тилин тереңнен үйрениў, ондағы дәстүрий ҳәм оригинал сүўретлеў усылларын үйрениў әдебияттаныў илиминдеги күн тәртибиндеги мәселелердиң бири болып қалмақта.

Шығарманың эмоциональ-эстетикалық тәсиршеңлиги көркемлеў қураллары ҳәм усылларының жәрдеминде жүзеге келеди. Ҳәр қандай шығарманың көркемлик қунын баҳалаўда көркемлеў қуралларының хызмети, шығарма пүтинлигинде тутқан орнын үйрениў әҳмийетке ийе.

Шығарма формасын изертлеўде көркемлеў қураллары ҳәм усылларының мазмунға қатнасын да талқылаў зәрүрлиги туўылады. Белгили рус илимпазы М.Поляков троплардың шығармадағы әҳмийети туўралы «…поэзияда фигуралар ҳәм троплардың жәрдеминде сөздиң ишки формасы пайда етиледи» [3:206]-деп көрсетеди. Троплар сөйлеў тили байлығының ҳәм көркем дөретиўшиликтиң дереги есапланады. «Троп (грекше tropos - басқа бир нәрсеге айланыў деген мәниде) көркем шығармада бир нәрсени сәўлелендириў ушын сөзлердиң өзиниң түпкиликли мәнисинде емес, ал көшпели мағанада қолланылыўы. Әдебиятта троптың метафора, метонимия, синекдоха, аллегория, литота, гипербола, символ ҳәм т.б. түрлери бар». [1:219]

Көркем сөз ийелери турмыс ҳақыйқатлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырыўда көркемлеў қуралларынан да өнимли пайдаланады. Көркемлеў қуралларының жәрдеминде шығарманың эмоциональ-эстетиклық тәсиршеңлиги тәмийинленеди. Көркем шығармада сөз туўра яки аўыспалы мәниде қолланылады. Егер шығарма тилинде сөз туўра мәнисинде емес, ал аўыспалы мәниде қолланылған болса ол көркемлеў қуралы, ямаса троп есапланады. Мысалы:

Исбилермен деген сырлы илимди,
Иске салып көзин тапсаң ***булақтың…*** [5:8]
Шақыр ***Инвестиция деген апаңды****,*
Енгиз өндириске жаңалықларды. [5:18]

Бул мысалларда көркемлеў қуралларының айрықша түри болған метафора қолланылған. Биринши мысалда қолланылған «булақ» сөзи өзиниң туўра мәнисинен аўысып, пәраўан ҳәм абадан турмыстың дәреги мәнисине көшкен ҳәм шайырдың айтажақ пикирин еле де көркемлеген.

Бул метафора улыўма поэзия тилине тән есапланады, поэзияда булақ жақсылықтың жақсы қубылыслардың ҳәм затлардың дәреги сыпатында қолланыўы қәлиплескен. Буннан көркемлеў қураллары автордың өскен орталығы, өзине шекемги әдебий дәстүрлер менен байланыслы да қолланылатуғынлығы көринеди.

Екинши мысалда тек ғана И.Юсупов поэзиясына тән жаңа метафора («Инвестиция деген апаң») қолланылған. Бул жаңа метафора пикирди көркемлеў, эмоциональ тәсиршеңликти арттырыў менен бирге оқыўшының айрықша дыққатын тартады. Қосық мазмунының өткирлигин күшейтип, оған дәўир руўхын сиңирген, дәўирге тән жаңа қубылысларды, сиясий-экономикалық шараятларды да сәўлелендире алған. Шайырдың «Доллар» қосығы оқыўшыға терең ой саларлық мәниге ийе. Базар экономикасына өтиў дәўириндеги сиясий-жәмийетлик ҳәм экономикалық қубылыслардың адамлар психологиясына тийгизип атырған тәсири олардағы әдеп-икрамлылық нормаларының бузылыў ҳалатларына дыққат аўдарады.

Мысалы:

Кимлер байып, кимлер банкрот болып,
Дүнья ҳәзир **бизнес ышқында** жанар.
…Ашкөз дүньядағы көп урысларды,
«Доллар саўашы» деп атаса болар. [5:7]

Лирикалық қаҳарман дүнья базарында товарлардың доллар менен баҳаланыўына емес, ал инсан баласының қуўанышы менен қайғысы да, ҳәттеки, оның тәғдири де доллар ныркы менен өлшенип атырғанынан күйинеди. Шайыр өз оқыўшыларына усылай ой таслайды, заманға сай жаңа ҳәм әҳмийетли мәселелерди ортаға қояды. Оның усындай гүйзелислери, қосықтың мазмуны метафоралар жәрдеминде еле де күшейтилген. Қосық қатарларында шайыр тәрепинен поэзия тилинде бурын қолланылмаған жаңа «бизнес ышқы», «доллар саўашы» метафоралары қолланылған. Шайырдың «Бул самалдың еспейтуғын жери жоқ» деп аталған қосығында айырым адамлар характерине тән өсекшилик, ғыйбаткешлик илletлери әшкараланады.

Өсек сөз дегениң **ызғырық самал,**
Бул **самал**дың еспейтуғын жери жоқ.
…Ғыйбат өз **зәҳәрин** иширсе езип,
Инсан кеўлин **ғаплет думаны** басар,
…Еркеклер бар **ғыйбат отын** үрлесе,
Ҳаял заты оған ерисе алмас. [5:39-40]

Жағымсыз ызғырық самалдың адамның пүтин денесин титиркендиретуғыны сыяқлы, өсек сөз де турмыста тез жайылып, адамларға мораллық жақтан унамсыз тәсир жасайды. Шайыр лирикалық қаҳарманның бундай руўхый дүньясы пәс, кеўил дүньясындағы уллы нийетлердиң орнын күншиллик ийелеген адамларға байланыслы толғанысларын бериўде «ызғырық самал», «самал», «зәҳәр», «ғаплет думаны», «ғыйбат оты» метафораларын пайдаланған. И.Юсупов пикир туйғыларын аўыспалы мәниге қурыўда, лирикалық мазмунды жүзеге шығарыўда улыўма халық тилинде ҳәм поэзияда қәлиплескен көркемлеў куралларынан да утымлы пайдаланады. Көркем әдебиятта, соның ишинде, поэзияда троплар көп қолланылады. Поэзияда тез-тез ушырасып туратуғын гүл, бүлбил, күн, түн, ай сыяқлы дәстүрий поэтикалық образлар негизинде троплар хызметин атқарады. Бул троплар И.Юсупов лирикасында да өзиниң көркемлик қунын жоғалтпайды, керисинше, жаңа поэтикалық мазмун менен байытылып қолланылады. Рус алымы В.Виноградов «Поэтика көркем дөретиўшиликтеги формалар, түрлер, көркемлеў қураллары ҳәм усыллары ҳаққында илим» [2:159] деп жазған еди. Ал, уллы алым В.М. Жирмунский де троплар ҳаққында сөз ете отырып оны поэтиканың бир бөлими сыпатында баҳалайды. [4:30]

Көркем шығармада зат яки қубылысты екинши бир предмет яки қубылыс пенен салыстырып сүўретлеў теңеў деп аталады.

Теңеўлер жәрдеминде ой-пикирдиң образлылығы, эстетикалық тәсиршеңлиги тәмийинленеди. Теңеў – троптың әпиўайы, дәслепки түри болып, екинши бир нәрсениң белгилериниң жәрдеминде басқа биреўиниң белгилерин анықлаў мақсетинде еки қубылыс жақынластырылады.

Дүнья – **бузық уясындай ҳәрреңиң,**
Көргиң келмегенди базда көрер көз. [5:3]

Шайырдың «Еки сөз» деп аталған шығармасынан алынған бул қатарларда лирикалық қаҳарманды тек бизиң елимиздеги емес, ал дүнья жүзиндеги халықаралық жағдай қәўетерге салады. Бул қосықтың мазмуны пүткил дүньяға тынышлық ҳәм татыўлық тилеўге қаратылған. XX әсирдиң ақырында мәмлекетлер ара келиспеўшиликлердиң келип шығыўы, айырым кимселердиң тынышлықты бузыўға қаратылған бузық нийетлерине байланыслы лирикалық қаҳарманның тәшўишлери, кеўил сарайындағы дағдарыслы ойлары сәўлеленген.

Дүньядағы қәўетерли қубылысларды образлы сәўлелендириў ушын дүньяны «бузылған ҳәрре уясына» теңейди. Билип-билмей ҳәрреңиң уясы бузылса, ондағы ҳәррелердиң тынымсыз ғаўлап, өз душпанынан жан таласа өш алыўға кирисетуғыны тәбият қубылыслары арқалы белгили. Мине, усындай әпиўайы тәбийий көринисти шығармада пүткил дүньялық машқаланы бериў ушын пайдаланып, шығарманың көркем-эстетикалық тәсирин күшейте алған. Шайыр өз жәмийетиниң алдынғы қатардағы саналы бир ағзасы сыпатында өз халқының ғана емес, ал Жер жүзиндеги ҳақ нийетли инсаныяттың тынышлығын тилейди, дослығын жырлайды, олардың қуўанышы менен қайғысын ортақласады.

«Метонимия грек тилинен алынып қайтадан атаў деген мәни аңлатады. Сөздиң аўыспалы мәнисине тийкарланған троплардың бир түри. Метонимияда сүўретленип атырған зат ямаса ўақыя басқа ат пенен қайта аталады». [1:129]

Бул **«көккағаз»** шытырласа қай жерде,
Журт қулағы ербең етип алаңлар. [5:6]

Бул қатарларда метонимия арқалы пикирдиң образлылығы еле де күшейтилген. «Көккағаз» дың шытырлаўы менен журт қулағының ербең ете қалыўы арқалы доллардың социал-экономикалық турмысымызда әҳмийетиниң жоқарылап кеткенлиги, адамлар арасындағы

қарым-қатнас нормаларының да доллар нырқы менен өлшенип атырғанлығы ҳаққында мазмун көркем сәўлеленген.

Синекдоха – грек тилинен алынып, уқсатыў мәнисинде. Көркем шығармада бир пүтинниң орнына оның бир бөлегин алып сүўретлеў қуралы. Синекдоха предметлер арасындағы муғдарлық, санлық байланысқа тийкарланған болады.

Шайырдың досты Оразақ Бекбаўлиевке арнап жазған ҳәзил қосығында «мурын» синекдохасы қолланылған.

Бес төбеден нәзер салсам ҳәр жайға,
Маған бир әжайып **мурын көринди**,
Ышқы оты жаман екен жанларым,
Мурынлар ишинде бурын көринди. [5:63]

Шайырдың дослық сезимлери ҳәзил түринде берилген. Қосықты бастан ақырына оқып қарағанымызда қаҳарман етип алынған шайырдың заманласы О.Бекбаўлиевтиң характери, инсан сыпатындағы келбети, ҳақ кеўиллиги, кеўли тазалығы «мурын» синекдохасының әтирапына жәмлеп сәўлелендирилген. Синекдоха ой-пикирди көркемлеп бериў ушын қолланылатуғын поэтикалық қураллардың бири. Усы қосықта орынлы қолланылған **гипербола** да қосықтың көркемлигин тәмийинлеўге қатнастырылған. Көркем шығармада анаў яки мынаў нәрселерди, шараятларды, персонажларды, олардың ис-ҳәрекетлерин ҳәдден тыс үлкейтип, асыра сүўретлеў гипербола деп аталады. Көркем сөз шеберлери тәсиршеңликти күшейтиў, образлылықты арттырыў мақсетинде гиперболаны қолланады.

Досжан, Омарлардың пәти басылды,
Биразлар мурт қойып, мурнын жасырды,
Шылпық пәсте қалып, таўлар бас урды,
Бийигинен Кавказ, Қырым көринди. [5:63]

Шайыр гиперболаны қолланыў арқалы лирикалық образдың ишки дүньясын терең ашыўға ҳәм қосықтың юморлық сыпатын күшейтиўге ерискен. Бул қатарларды оқығанда ерксиз жеңил күлки пайда болады, еки талант ийеси арасындағы беккем дослық түсиниледи.

И.Юсупов лирикасында көркемлеў қураллары мазмунды эмоционал жеткериў ушын қолланылады. Шайыр қосықларында қосықтың көркемлигине айрықша итибар берилген, оның шығармаларында сүўретлеўдиң әпиўайы ҳәм тийкарғы қуралы болған теңеўлер поэтикалық мазмунды айдынластырыўға хызмет етип келеди. Шайырдың дөретиўшилик потенциалын оның қосықларындағы сәтли табылған метафоралар, эпитет, метонимия, синекдоха, гипербола ҳәм басқа да көркем сүўретлеў қураллары белгилейди.

Улыўмаластырып айтқанда, шайыр лирикаларында ойлаў диопазоны, пикирлери, жәмийетлик қубылысларға көзқарасларын бериўде көркем сүўретлеў қураллары көркем-эстетикалық хызмет атқарады.

Әдебиятлар

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. «Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги». Нөкис. «Билим». 1994.

2. Виноградов В. «Стилистика, теория поэтической речи, поэтика». Москва, 1963.

3. Поляков М.Я. «Вопросы поэтики и художественной семантики». – Москва: Советский писатель,1986.

4. Жирмунский В. «Теория литературы. Поэтика». Стилистика. Москва, «Наука», 1977.

5. Юсупов И. Ҳәр кимниң өз заманы бар Нөкис: – «Қарақалпақстан», (екинши басылыўы) 2014.

РЕЗЮМЕ. Мақолада бадиий тил хусусиятлари, назарий асослари ҳақида фикр юритилади. Шоир И.Юсупов асарларидаги бадиий воситаларининг қўлланиш хусусиятлари ва бадиий-эстетик вазифалари сўз этилади.

РЕЗЮМЕ. В статье рассматриваются особенности и теоретические основы литературного языка. Обсуждаются особенности использования художественных средств и художественно-эстетических функций в творчестве поэта И. Юсупова.

SUMMARY. The article discusses the features and theoretical foundations of literary language. Features of the use of artistic means and artistic and aesthetic functions in the works of the poet I. Yusupov are discussed.